

Klamidia

Ki sa klamidia yé?

Klamidia sé yon maladi seksyèlman transmisib (MST) e-l kozé pa yon bakteri (jèm). Sé maladi MST ki pi komen lan Eta-Zini.

Ki jan yon moun ka pran klamidia ?

Klamidia transmèt lè yon moun fè sèx lan vajen (ou devan), lan dèyè (anis), ak lan boush (seks oral) ak yon moun ki enfekté. Klamidia ka transmèt lè manman ap akoushé pitit, li transmèt lan likid (sekresyon) kap soti lan vajen, ak lan deshaj.

Men ki jan ou ka ogmanté risk pou enfekte.

- Fè sèx ak kapòt ki pa latex ou di mwens polyurethane
- Fè sèx ak plisyè moun
- Gen diferan lòt MST ou VIH
- Fè sèx pandan ou high swa sou dròg ou sou lan bwè kleren ka ogmanté risk pandan ké lap diminye shans pou mété kapòt la byen

Ki es ki atrapé klamidia ?

Nenpòt moun ki ap fè ak fè seks souvan ka gen klamidia. Fè seks san pwoteksyon ap ogmanté shans pou pran klamidia. Lan Boston, yo jwen plis ka klamidia yo nan fanm ki gen mwens ké 24 lané.

Ki sentòm klamidia?

Majorité moun pa gen setòm. Semtòm ka komansé parèt sou 1 a 3 semèn aprè ou finn enfekté. Pou moun ki gen sentòm, men kisa ou santi pi souvan.

Pou fanm :

- Ekoulman ké ou pat konn abityé wè, likid kap soti lan vajen ka gen koulè jòn ou blansh.
- Li fè mal e brilé lè wap pisé oswa lè wap fè ak seksyèl
- Doulè lan vant ak lan do.
- Bay san menm lè ou pa gen règ
- Lòt enfeksyon ki pi seryé, fyèb

Pou gason:

- Ekoulman ké ou pat konn abityé wè, likid pwès kap soti lan pijon-ou
- Li fè mal (Doulè) e brilé lè wap pisé
- Sentòm ké ou pa wè souvan
- Gwo doulè lan testikil
- Doulè, enflamasyon, po ki kouvri testikil la vin rouj.

Sentòm moun ki fè sèx lan dèyè (anis) sé, anpil doulè, ekoulman ou byen bay san lan dèyè. Sentòm pou mounn kap fè sèx lan boush (seks oral) trè ra, men li ka bay doulè lan gòj.

Pandan konbyen tan yon moun ki enfekté ka transmèt klamidia ?

Yon moun ka transmèt klamidia bay lòt moun depi menm lè li enfekté a (lan fè sèx san kapòt ak lòt moun enfekté) jis kas ké li jwen tretman. Yon moun ka trasmèt klamidia bay lòt moun san li pa santi okin sentòm. Si wap pran medikaman pou tretman, ou pa ka al lan relasyon seksyèl 7 jou apre lè ou fini ak tretman an. Li enpòtan pou konen ké ou ka enfekté ak klamidia padan plisyè fwa.

Koman poum fè konen si mwen gen klamidia ?

Fè tès se sèl mwayen ki pi garanti pou ou konen si ou gen klamidia. Doktè ka mandé ou pou pipi lan yon veso, ou byen pasé yon aplikatè lan zòn ki enfekté-a pou fè tès pou klamidia.

Konbyen fwa mwen ta sipozé fè tès ?

Sant ki kontwolé maladi ak prevansyon mande tès shak ané pou moun ki :

- Fanm ki anba laj 25 ané e kap fè sèk regilyèman
- Moun ki gen plis risk, kòm:
- Moun kap fè sèx san yo pa meté kapòt.
- Moun ki gen plisyè mennaj, ou di mwens moun ki gen yon nouvo mennaj.
- Tout fanm ansent
- 3 Mwa aprè ou fin treté yon maladi seksyèlman (MST)
- Shak fwa ké ou gen yon nouvo mennaj e ou pa konen si moun lan pa malad.

Ki koté ké mwen ka al fè yon tès ?

Prèské tout dispansè ou lopital ka fè ekzamen klamidia ou tès pou tout lòt maladi ki transmèt seksyèlman . Pou jwen dispansè ki pi pré bò lakay ou, relé lan nimewo telefòn majistra-a **617-534-5050** ou **1-800-847-0710** ou di mwens al sou sit entènèt sa a <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx> answit antré kòd postal ou.

Eske klamidia ka treté ?

Wi. Klamidia ka treté fasilman. Yon sèl dòz antibiotik ka treté klamidia. Shèshé wè doktè-w si ou kontinyé santi sentòm apré lè ou fin pran medikaman. Gen lòt kalité tretman ki disponib si ou fè alèji ak medikaman ké doktè preskri ou.

Eske mennaj mwen bezwen treté ?

Wi. Moun ké ou té gen relasyon seksyèl lan tan ki fèk pasé (peryòd 60 jou) ou di mwens mennaj **Dwe treté** avan li fè Sèx li pi bon si nou treté an menm tan. Nouvo lwa lan Eta Massachusetts ba mennaj moun ki malad dwa pou yo treté klamidia san yo pa fè ekzamen. Pozé Doktè ou kesyon sou sa lè ou al wè-l, e si ou bezwen plis enfòmasyon li (**The Expedited Partner Therapy**) biyè enfòmasyon sou sit entènèt www.bphc.org. Li enpòtan pou konen ké ou ka reenfekté ak klamidia plisyè fwa si mennaj ou pa treté.

Ki sa ki ka rivé si klamidia pa treté ?

Si klamidia pa treté, li ka lakòz anpil konplikasyon sou santé ou. Fanm ka vin gen enflamasyon lan pèlvik, sa ki ka anpeshe-l vin fè pitit. Klamidia ka ogmanté shans pou trapé lòt maladi ki transmèt seksyèlman kòm HIV ou gonorrhèa.

Koman mwen ka pwotejé tèt mwen kont klamidia ?

Mwayen ki pi garanti pou pwotejé tèt ou a 100% kont klamidia se pa al lan relasyon seksyèl.

Si ou al lan relasyon seksyèl, men kisa ou ka fè pou diminyé shans trapé klamidia.

- Toujou itilizé kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx lan dèyè (anis), lan vajen, ou lan boush(oral)
- Kondòm ki fèt ak materyèl natirèl ka anpeshe fanm ansent, men pa ka anpeshe ou trapé MST
- Redwi kantité mounn ké ou gen relasyon seksyèl avèk yo
- Palé ak mennaj sou mst e kòman nou ka fè tès pou konen si nou pa malad
- Pale ak doktè-w sou ki jan pou pwotejé tèt ou lan relasyon seksyèl e kijan pou ou fè tès
- Fòk ou konen ké lè wap sèx pandan ké ou anba dròg, ou di mwens pandan ké ou sou, shans lan ogmanté pou fè ak sèks san pwoteksyon
- Kontakté doktè ou si ou santi yon lan sentòm sa-a yo.

Pou plis enfòmasyon relé

Boston Public Health Commission

Infectious Disease Bureau

617-534-5611 or www.bphc.org